



Pou Piblikasyon Imedya: 13/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**NAN KA KE OU TE RATE LI: EDITORYAL GOUVÈNÈ CUOMO NAN JOURNAL WASHINGTON POST -- ANDREW CUOMO: SA WASHINGTON DWE FÈ POU PWOTEJE ANPLWAYE YO**

Jodi a, The Washington Post pibliye yon editoryal Gouvènè Andrew M. Cuomo pou ankouraje Washington fè antrepriz yo pa elijib pou resevwa finansman gouvènman an si yo pa kenbe menm kantite anplwaye antrepriz sa a te genyen anvan pandemi COVID-19 la. Yè Gouvènè Cuomo te anonse ke manm Delegasyon Kongrè New York la yo ap pwopoze 'Premye Lwa Ameriken' pou ede anpeche sovtaf finansye antrepriz apre pandemi la. Tèks editoryal ke The Washington Post te pibliye a disponib [isit la](#).

Tèks konplè editoryal la disponib pi ba a.

Pandemi covid-19 la pouse nou tout nan sikonstans san presedan, menm pi tèrib pase efondreman ekonomik Gran Resesyon an. Pandan nasyon an ap trase wout pou swiv la, mwen krenn ke erè nan pase yo repete — ki plase enterè gran antrepriz yo anvan Ameriken k ap travay yo.

Dènye rapò travay pa mwa a te twoublan. Biznis atravè peyi a te siprime plis pase 20.5 milyon djòb nan mwa avril la. To chomaj Etazini te grenpe a 14.7 pousan — to ki pi wo depi swivi a te kòmanse an 1948. Yon Ameriken sou senk ki te anplwaye anvan kòmansman pandanmi an p ap travay. Di zan benefis ekonomik san presedan nan eta nou an te aneyanti nan yon sèl mwa.

Nan deseni ki pase a, New York te jenere 1.3 milyon djòb ki atenn yon rekò ki rive nan 8.3 milyon djòb nan sektè prive a nan fevriye, pliske chomaj la te tonbe nan yon nivo rekò ki ba. Salè yo te ogmante a 47 pousan, e nou te monte salè minimòm nan a 15 dola pa lè. Kounye a, eta nou an ap obsève yon rekiperyasyon sou plizyè lane, youn ki pi long e ki gen yon deklen ki pi pwofon pase sa nou te fè fas apre Gran Resesyon an.

Pandan eta atravè peyi a ap pran mezi pou re-ouvri, Washington pa dwe repete erè pase yo. Yo dwe rann antrepriz k ap resevwa finansman gouvènman yo responsab pou yo aji byen ak travayè yo.

Jiska prezan, Washington te nan mod repetisyon.

Pogram èd federal 2 mil milya dola ki te adopte an mas la, te genyen ladan l plizyè milya dola pou soutni gran antrepriz yo san kesyonman sou angajman yo ak travayè yo oubyen pratik biznis yo. Mwen konprann dezi pou konsève biznis yo pou yo pa fè fayit,

men lè nou fè sa, li gen sans sèlman si fon gouvènman yo itilize pou sipòte travayè yo — pa pou anrichi kad egzekitif ak aksyonè yo.

Men se sa k ap pase. Rezèv Federal ak Depatman Trezò (Federal Reserve and Treasury Department) a ap lanse ansanm yon pwogram pou achte 500 milya dola obligasyon san okenn egzijans pou konpayi yo reseva èd pou kenbe travayè yo oswa limite distribisyon yo pou kad egzekitif ak aksyonè yo. Sa pi chokan toujou pliske manda prensipal Rezèv Federal la se fè pwomosyon kantite maksimòm travay.

Reflechi sou pèspektiv sa — 500 milya dola sipò finansye federal ki pa gen okenn atach. Sa bon pou kad egzekitif ak aksyonè yo! Sa bon pou pi gwo antrepriz nan peyi sa, sila yo ki ogmante dèt yo a apeprè 4 mil milya dola depi 2009, pandan y ap anrichi tèt yo nan racha estòk ak gwo dividand. Pandansetan, travayè yo revoke epi kontribyab yo peye fakti prestasyon chomaj, Medicaid, èd pou manje ak lòt sipò piblik yo.

Nou te wè fim sa deja. Se sa Washington te fè apre resesyon 2007-2009 la ke fwod ipotekè a te lakoz la. Pwopriyetè kay yo te pèdi ekonomi ak kapital yo nan kay yo alòske bankye yo te fè fòtin. Kontribyab yo te peye antrepriz ak kad egzekitif yo pandan kapital sou kay menm kontribyab sa yo te pèdi. Enjistis sistèm nou an te flagran epi ensipòtab. Bankye yo te rekòlte benefis rekò nan vann sa yo rele tit toksik, epi yo te resevwa yon parachit ke kontribyab yo te finanse pou yon aterisaj an dousè pandan chit la. Inegalite sa sou pwen pou pwodui ankò, pliske antrepriz yo ap planifye pwochen plan sovtaj yo ak zanmi yo nan Washington.

Menm si kantite ka kowonaviris nan peyi nou an kontinye ap ogmante, kèk antrepriz ap chèche yon chans pou ogmante maj pwofi yo sou do Ameriken yo te revoke yo. Lidè antrepriz yo ap di analis Wall Street yo ke se yon opòtinite pou repanse biznis yo epi diminye pewòl yo nan fason pèmanan toutotan y ap diminye. Sa t ap vle di chomaj estriktirèl ki nètman pi elve pandan peryòd ki pi long. Li t ap vle di plis depans pou gouvènman yo nan tout nivo pou Ameriken yo manje, gen lojman epi an sante. Finalman, sa dwe abouti sou inegalite ki pi gran, pi gwo disparite nan revni epi plis ajitasyon sosyal.

Peyi nou an pa ka kite sa rive ankò. Washington dwe mete anplas egzijans ki pi solid pou antrepriz ki pran lajan sovtaj federal yo. Antrepriz ki fè sa dwe anboche ankò nan menm nivo yo te anlwaye anvan kòmansman kriz sante piblik la ak retonbe ekonomik ki vini apre yo. Èd finansye federal ki refinance bilan antrepriz yo pa ta dwe katalize pou pi gwo maj pwofi komèsyal nan detriman travayè yo.

Règleman pou finansman Washington nan ta dwe senp epi klè. Okenn sipò gouvènman si ou pa retounen anlwaye travayè anvan pandemi yo.

Gouvènman an pa ta dwe sibvansyone antrepriz ki prevwa revoke travayè yo, alòske tout revokasyon konpayi dwe egziye yon ranbousman nenpòt sibvansyon gouvènman an. Chemen pou nou tout swiv la deja difisil ase. Se benefis ki motive antrepriz yo. Se wòl gouvènman an pou asire ke benefis sa yo pa fèt nan detriman Ameriken yo ki se kolòn vètebral ekonomi nou an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)